



Môle/Mwazi

Updated 8/1/19

Kisa môle ye?

- Môle se non yon ti òganis ki rele fongis/champion.
- Genyen dè plizè tip de môle.
- Môle kapab nenpòt koulè.



Kisa ki lakòz

môle devlope?

- Môle pwopaje atravè espò - ti 'grenn' tou piti ki flote nan lè a.
- Môle kapab devlope nenpòt kote ki genyen dlo oswa vapè, tankou imidite, tiyo koule, ak kondansasyon.

Kijan mwen kapab anpeche môle?

- Sèvi ak vantilatè echapman oswa louvri fenèt yo nan zòn tankou twalèt.
- Seche mi yo ki mouye apre ou fin pran douch.
- Ranje tiyo koule yo osito ou jwenn yo.

Eske kay mwen genyen môle?

- Li facil pou jwenn môle nan kuizin, twalèt, bésmint, ak alantou fenèt yo.
- Ou gen dwa wè li oswa santi yon odè môle.
- Gen dwa genyen môle si genyen yon tiyo ki koule oswa dega dlo.
- Rele **617-534-5965** si w panse ou genyen môle.



Èske môle kapab lakòz pwoblèm sante?

Wi. Nenpòt tip môle kapab lakòz pwoblèm sante. Opresyon, alèji, ak lòt kondisyon sante kapab rann ou pi sansib a môle. Ekspozisyon nan môle kapab lakòz:

- pwoblèm sante ki modere tankou iritasyon nan je, nen k ap koule, touse, ak gòj fè mal
- pwoblèm sante ki grav tankou difikilte pou respire ak atak opresyon

Kisa mwen kapab fè konsènan môle nan kay mwen?

1 Jwenn epi rete dlo a. Môle bezwen dlo pou dévelopé.

2 Netwaye môle a.

- Mete gan, linèt sekirite, ak yon mask oswa yon respiratè pou pwoteje tèt ou pandan w ap netwaye.
- PA pentire sou môle. Li pral retounen.
- Pou netwaye sifas ki di yo, sèvi ak yon dezenfekstan epi kite li seche konplètman.
- Bagay ki fèt ak twal tankou rad, tapi, kapèt, ak mèb kapab netwaye ak vapè pa yon pwofesyonèl oswa pote yo nan dray.

3 Si w kapab santi môle apre netwayaj la, genyen môle toujou. Souvan, mèb, klwazon sèk, oswa kapèt pa kapab netwaye. Ou kapab oblige jete yo oswa retire bagay la si li twò andomaje ak dlo oswa môle.

